लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता



# दाऊद एगो राजा
# (भाग 2)

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Lazarus

अनुकूलित: Ruth Klassen

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2014 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

दाऊद दक्षिणी इस्राएल में यहूदा क राजा रहलन। लेकिन इस्राएल की बाकी हिस्सन में शबोशेत शाऊल क बेटा, राजा की रूप में अगुवाई करत रहलन। सात साल की खातिर नाराजगी की साथ लड़ाई जारी रहल, लेकिन दाऊद दिन प्रति दिन मजबूत अउर मजबूत होत गइलन।



अंत में राजा ईशबोशेत के उनही क दूगो सैनिक मार दिहलें।



फिर इस्राएल की सब गोत्र के लोग दाऊद की पास अइलें अउर ओ के पूरा इस्राएल पर राजा नियुक्त कर दिहलें। लम्हर (ढ़ेर) समय तक, दाऊद पूरा देश क राजा रहलन।



राजा दाऊद सबसे पहिले यरूशलेम पर कब्जा कइलन। ई शहर दाऊद की नाम से जानल गइल। उ एके दुश्मनन की खिलाफ एगो गढ़ की रूप में बनवलन। यरूशलेम से, दाऊद क सेना इस्राएल की खातिर पलिश्तियन अउर अन्य दुश्मनन पर विजय प्राप्त करे खातिर गइल।





फिर, राजा दाऊद परमेश्वर की सन्दूक के यरूशलेम में लीअइलन। परमेश्वर की सन्दूक में दस आज्ञा अउर अन्य कानूनन क प्रती निहीत रहल, जेवन परमेश्वर मूसा के देले रहलन। सन्दूक इस्राएली लोगन की परमेश्वर क पवित्रता रहल, अउर ई उनकी आज्ञा क पालन करे की खातिर याद दियावत रहल।

दाऊद के अपनी शासनकाल की शुरुवाती साल में अनेकन लड़ाई लड़े के पड़ल। उ एगो बुद्धिमान सैनिक अउर एगो विनम्र व्यक्ति रहलन जे परमेश्वर की मार्गदर्शन की खातिर प्रार्थना कइल करत रहलन।





दाऊद परेशान रहलन काँहे से कि उनकी पास रहे खातिर एगो सुन्दर महल रहल लेकिन परमेश्वर क सन्दूक अबो एगो तम्बू में रखल रहल। दाऊद एगो मंदिर की बनवला क फैसला कइलन। नातान, परमेश्वर क नबी, पूरा कइला क सलाह दिहलन।



ओहि रात,
परमेश्वर
दाऊद
के संदेश
भेजलें।
"हमार दास
दाऊद, यहोवा
खुद ही तोहसे
एगो घर बनवइहें" जब तू
अपनी दिन के पूरा करके, अपनी पूर्वजन की संगे आराम करअब,
तब हम तोहरी बाद तोहरी संतान के राजा की रूप में स्थापित
करअब। उ हमरी नाम की खातिर मंदिर क निर्माण करी अउर
हम हमेशा की खातिर ओकरी राज गद्दी के स्थापित करअब।"

दाऊद शाऊल की परिवार में केहु भी बचल व्यक्ति क मदद करल चाहत रहलन। खाली योनातान क बेटा मपीबोशेत मिललन, पर उ अपंग रहलन। दाऊद कहलन, "उ राजा की लड़कन में से एगो की तरह हमरी मेज पर भोजन करीहन।" योनातान उनकर सबसे बढ़ियाँ दोस्त रहलन; एही खातिर दाऊद मपीबोशेत पर तरस खइलन।





जब तक दाऊद परमेश्वर पर विश्वास कइलन अउर उनकर आज्ञा क पालन कइलन, परमेश्वर उनके समृद्धि की खातिर दाऊद के भरपूर मदद कइलन। लेकिन एक दिन, एगो भयानक विपत्ति दाऊद की जीवन में आइल। उ यरूशलेम में रूक गइलन, जबकि उ अपनी सेना  के लड़े खातिर बाहर भेज दिहलन।



एक रात, उनके नींद
ना आवत रहे। ए
खातिर उ अपनी
छत की ऊपर चल
गइलन अउर शहर
के देखे लगलन।

दाऊद एगो खूबसूरत औरत के नहात देखलन। ओकर नाम बतशेबा रहल। दाऊद, बतशेबा की साथ पाप कइलन, इहाँ तक कि उनकी पति, ऊरिय्याह, दाऊद क बहादुर सैनिकन में से एगो रहलन। जब बतशेबा बाद में दाऊद के बतवली कि उ उनकरी लइका के जन्म देबे जात रहली, तब दाऊद जान लियलन की उनकर पाप अधिक समस्याएं पैदा कर सकत बा।







परमेश्वर से माफ़ी मंगला की बजाय, दाऊद अपनी पाप के छुपावे क कोशिश कइलन। एमे उनके कामयाबी ना मिलल! उ युद्ध क्षेत्र से ऊरिय्याह के घरे बुलववलन, ए उम्मीद से की ऊरिय्याह सोचीहन की आवे वाला संतान उनकर हअ। लेकिन ऊरिय्याह अपनी साथी सैनिकन के युद्ध में छोड़के घरे ना गइलन। ऊरिय्याह राजा की घर की दरवाजा पर सूत गइलन।

तब दाऊद ओ से भी अधिक दुष्ट काम कइलन। उ एगो चिट्ठी की साथ युद्ध की मैदान में मरला खातिर वापस ऊरिय्याह के भेजलन। पत्र में सेना पति के बतावल गइल रहे की ऊरिय्याह के लड़ाई में शहीद करवा दीहल जॉव। जब ऊरिय्याह के मार डालल गइल तब, दाऊद बतशेबा के आपन मेहरारू होखे खातिर बोलवा लिहलन।





परमेश्वर दाऊद
के उनकरी पाप के
देखावे खातिर उनकरी
सेवक, नातान के भेजलें।
नातान दाऊद के अमीर
आदमी अउर एगो बहुत
ही गरीब आदमी क
कहानी सुनवलन। अमीर
आदमी की पास सैकड़ों
भेड़ रहलीं, लेकिन गरीब
आदमी की पास केवल
एगो छोट मेमना रहल,
जे के उ एगो क़ीमती
बेटी की तरह
रखले रहलन।

जब एगो यात्री अमीर आदमी की घरे आइल, तब अमीर आदमी ओ के खियावे खातिर अपनी भेड़न में से ना मरलस। एकरी बजाय, उ गरीब आदमी की भेड़ की बच्चा के मार डललस।





दाऊद अमीर आदमी की स्वार्थ की खातिर बहुत गुस्सा कइलन। उ कहलन, "जेवन आदमी ई कइले बा उ निश्चित रूप से मरी" उ चिल्लइलन।

"ऊ आदमी तू हउव!" बहादुर नातान दाऊद के बतवलन। दाऊद जेवन कइले रहलन ऊ ओ कहानी में की अमीर आदमी की करतूतन से भी बदतर रहल।





परमेश्वर ई देखवलन की
दाऊद कइसन दुष्ट हो गइल
रहलन। तब दाऊद अपनी
पाप खातिर माफ़ी मंगलन।
उ परमेश्वर से कहलन: "हम
ए बुरा पाप के तोहरी खिलाफ
कइले बानी।" अउर परमेश्वर
दाऊद की पाप के माफ कर
दिहलन। लेकिन बतशेबा क
बेटा बहुत बीमार हो गइल,
अउर जल्दी ही जन्म
की बाद ओकर
मउवत हो गइल।



परमेश्वर दाऊद की ए भयानक पाप की खातिर ओ के माफ कर दिहलन। बतशेबा बाद में एगो लइका, सुलेमान के जनम दिहली जे एगो महान राजा बने वाला रहलन। लेकिन राजा दाऊद क कई अन्य लइका भी रहलें; जेवना में से कुछ लइका उन पर महान दुख  लीअइलन।

# दाऊद एगो राजा (भाग 2)

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

2 शमूएल 1-12

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16